# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**«Спорттың туран жеке гүреси түри бойынша Ташкент ўәлаятында өткерилетуғын Өзбекстан чемпионатына қатнасып қайтатуғын спортшыларға хызмет сапары қәрежетлери менен тәмийинлеў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-июньдағы ПҚ-3031-санлы қарары ҳәм 2019-жыл 19-март күнги “Жаслар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде мәдений, санаат, спорт, информация технологиялары, китап оқыўға қызығыўын асырыў бойынша әҳмийетли 5 басламасын әмелге асырыў ҳаққында”ғы баянламасында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў, улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшы-жасларын дене тәрбия ҳәм спорт пенен турақлы шуғыллландырыў, спортқа болған қызығыўшылықларын асырыў ҳәм Өзбекстан Туран жеке гүреси федерациясы Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл 15-февраль күнги 16-санлы хатын басшылыққа алып

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Туран жеке гүреси федерациясы Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл 15-февраль күнги 16-санлы хаты инабатқа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:

2021-жыл 20-24-февраль күнлери аралығында Ташкент ўәлаятында спорттың туран жеке гүреси түри бойынша 2002-2003-жыллары туўылған жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында өткерилетуғын Өзбекстан чемпионатына Қарақалпақстан Республикасынан қатнасатуғын спортшылардың жол ҳақы қәрежетлери, аўқатланыўы, жолдағы аўқатланыўы ҳәм жатақ жайы ушын жумсалатуғын қәрежетлери менен орнатылған тәртипте тәмийинлеў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары А.Худайбергеновқа жүкленсин.

**Тийкары:** Өзбекстан Туран жеке гүреси федерациясы Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл 15-февраль күнги 16-санлы хаты ҳәм Өзбекстан Республикасы Дене тәрбия ҳәм спорт министрлигиниң 2021-жыл 5-февраль 152-санлы буйрығы.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «19» февраль
№ 44